

Pou Piblikasyon Imedya: 07/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OUVÈTI PWOJÈ DEVLOPMAN LOJMAN KI A PRI ABÒDAB KI KOUTE 20 MILYON DOLA NAN ITHACA**

***Ithaca City Apartments Ap Reyamenaje 31 Batiman Rezidansyèl nan Lokal Ki Epapiye nan Ithaca pou Kreye epi Prezève 98 Kay Lwaye***

***Investisman an ap konplete “Southern Tier Soaring” – ki se estrateji global rejyon an pou revitalize kominote yo ak devlope ekonomi an***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a achèvmman Ithaca City Apartments, ki se yon pwojè devlopman lojman ki a pri abòdab epi ki epapiye ki koute 20.4 milyon dola nan Ithaca. Pwojè a te reyamenaje 31 batiman aktyèl ki atravè 17 espas ki separe pou prezève 98 kay lwaye pou moun ki gen revni varye yo. Amelyorasyon yo pral pwolonje dire lavi batiman yo epi prezève abòdabilite pou abitan aktyèl ak sa fiti yo.

"Devlopman sa a fè pati efò pèmanan nou ap fè yo pou investi nan lojman aktyèl ki a pri abòdab yo epi ranfòse kominote yo atravè Southern Tier", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lojman ki a pri abòdab yo vital pou yon kominote ki ap pwospere epi ki reyisi, epi Ithaca City Apartments pral ede asire ke abitan Ithaca yo gen aksè a lojman ki a pri abòdab yo pou jenerasyon ki gen pou vini yo."

"Nan Southern Tier ak atravè Eta a, nou ap investi nan lojman ki a pri abòdab yo pou asire ke tout moun New York yo gen yon gwo kote pou rele lakay yo", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Nouvo Ithaca City Apartments lan pral elaji opòtinite pou fanmi yo ki nan vil la, epi asire ke yo gen gwo opsyon lojman yo. Sa se pa jis yon investisman nan enfrastrikti, li fè pati tou de efò nou ap fè yo pou ede kominote yo devlope epi ranfòse kalite lavi nan chak rejyon."

Angajman Gouvènè Cuomo pran pou ranfòse kominote yo epi devlope ekonomi Southern Tier an refleto nan inisyativ Southern Tier Soaring, ki se plan global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominotè. Investisman Eta a nan Ithaca City Apartments ap konpleman inisyativ Southern Tier Soaring nan prezève opòtinite lojman aktyèl ki a pri abòdab yo ki nan zòn ki gen aksè a travay ak sèvis yo. Depi 2011, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a (Homes and Community Renewal, HCR) te investi plis pase 170 milyon dola nan Southern Tier, ki te kreye oswa prezève lojman ki a pri abòdab pou plis pase 4,700 moun.

Ithaca City Apartments konsiste de 31 batiman ki sou 17 espas ki separe ke INHS, ki se devlopè pwojè a, te achte epi te reyamenaje. Majorite batiman yo te konstwi kòm kay pou yon sèl oswa de fanmi yo, epi yo te konvèti an itilizasyon pou plizyè fanmi anvan acha a.

Devlopman ki konplete a ap ofri yon melanj estidyo, ak apatman ki gen youn, de, twa ak kat chanm a kouche yo. Sèz apatman a pri abòdab pou fanmi ki ap touche 50 pousan nan oswa pi piti pase Revni Mwayen Zòn nan, swasantkatòz apatman a pri abòdab pou fanmi ki ap touche 60 pousan nan oswa pi piti pase Revni Mwayen Zòn nan, epi yo lwe 8 apatman nan pri mache a.

Travay reyamenajman yo te varye selon nesesite chak apatman endividyèl. Anplè travay yo te gen ladan modènizasyon nan kwizin ak nan douch yo; enstalasyon nouvell fonksyon limyè yo, vantilatè evakyasyon ki nan douch yo ak kapo vantile ki ayere yo; enstalasyon nouvell pòt ak fenèt yo; ranplasman twati; nouvo revètman ak ensilasyon; ak nouvo finisyon, penti ak planche yo. Amelyorasyon nan batiman yo te enkòpore ekleraj LED ak Energy Star yo, Aparèy Menaje Energy Star yo, fonksyon plonbri ki gen debi dlo ki fèb yo, chodyè oswa founo ki efikas anpil yo ak chofez dlo san rezèvwa ki efikas anpil yo ak ensilasyon ki amelyore. Travay reyamenajman yo te konplete ak lokatè aktyèl ki abite sou plas yo oswa ki relokalize tanporèman yo.

Finansman onivo Eta pou pwojè 20.4 milyon dola a enkli 4.2 milyon dola nan kontra pèmanan ki pa gen taks, Kredi Enpo Lokatif pou Moun Ki Gen Revni Fèb (Low-Income Housing Tax Credits) federal ki te jenere 5.7 milyon dola nan ekite, ak yon lòt 1.2 milyon dola kòm sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote nan Eta New York lan. Fon Estabilizasyon Lojman (Housing Stabilization Fund) Eta New York ki administre pa LISC a te bay finansman adisyonèl ak yon nòt machann. Konte Tompkins te bay 300,000 dola ki soti nan Fon Devlopman Lojman Kominotè a (Community Housing Development Fund).

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a, te deklare,** "Ak Ithaca City Apartments, nou ap prezève epi modènize estòk lojman ki ap pran laj yo, anbeli katye yo, amelyore kalite lavi pou 98 fanmi epi asire ke lwaye yo ap rete a pri abòdab. Apatman ki reyamenaje sa yo pral konstwi yon pi bon fiti pou Vil Ithaca epi yo pral kenbe Southern Tier Soaring".

**Senatè Tom O'Mara te deklare,** "Efò ak investisman Eta sa a ap fè pou konplete reyamenajman ak renovasyon Ithaca City Apartments yo reprezante yon ajou krisyal sou lojman ki sekirize, ki a pri abòdab pou fanmi ak abitan yo. Li pwomèt fè yon diferans enòm nan pakèt lavi moun, epi nou espere kapab favorize efò ki ap kontinye tankou sa a yo pou ranfòse kominote a".

**Manm Asanble a Barbara Lifton te deklare,** "Pwojè reyamenajman nan espas ki epapiye yo te yon gwo antrepiz epi ki te konplike ki te fèt pa INHS, epi mwen te kontan anpil pou mwen sipòte finansman eta a ki te ede rann li posib. Pandan ke nou ap kontinye pouse pou gen plis lojman ki a pri abòdab nan kominote nou yo, li krisyal pou ke nou kenbe epi prezève tou estòk lojman aktyèl ki a pri abòdab yo. Mèsi a Gouvènè Cuomo, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a, INHS, ak pakèt lòt antite ki te responsab pou pèmèt pwojè enpòtan sa a vin reyalize".

**Svante Myrick, ki se Majistra Ithaca, te deklare,** "Fon sa yo pral fè Vil Ithaca vin yon kote ki pi abòdab pou moun viv - ki ap ede rezoud pi gwo pwoblèm ki genyen nan kominote nou an. Mwen rekonesan anvè pèsonèl HCR ansanm ak Komisè Visnauskas poutèt efò yo".

**Martha Robertson, ki se Prezidan Komite Lejislatè Konte Tompkins lan, te deklare,** "Nou kontan anpil pou pwojè sa a paske li te fè 98 apatman sa yo vin pi sekirize epi pi efikas, san fè yo vin pi chè pou lokatè yo. Nòmalman lè yo fè amelyorasyon batiman yo, pri yo monte epi yo pouse deyò moun ki gen revni ki pi fèb yo. Nou rekonesan anvè INHS ak Eta New York poutèt yo fè patenarya ak Fon Devlopman Lojman Kominotè a poutèt yo pèmèt pwojè enpòtan sa a franchi liy final la"!

**Johanna Anderson, ki se Direktris Egzekitif INHS, te deklare,** "Ak Ithaca City Apartments ki se youn nan pòtfèy lojman ki a pri abòdab ki pi gwo epi ki pi ansyen yo nan vil la, pwojè sa a te mande pakèt planifikasyon, efò ak travay an ekip. Sepandan, ak sistèm sipò ki nesèsè ki an plas yo, nou te kapab rete konfòm a misyon nou pou bay bon jan kalite kay ki sekirize pou abitan nou yo. Nou rekonesan pou opòtinite nou te genyen pou kontinye sèvi kominote nou yo nan revitalize katye yo epi prezève kay yo".

### **Akselere "Southern Tier Soaring"**

Anons jodi a konplèman "Southern Tier Soaring", ki se plan direktè global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik solid ak devlopman kominotè. Eta te deja investi plis pase 6.2 milya dola nan rejyon an depi 2012 jete baz pou plan – atire fòs travay ki gen talan, devlopman biznis epi pwomouvwa inovasyon. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gran Resesyon an; taks sou revni pèsonèl ak taks sou antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Binghamton, Vil Johnson ak Corning kòm destinasyon pou devlope epi investi. Koulye a, rejyon an ap akselere siksè "Southern Tier Soaring" ak yon envèstisman eta 500 milyon dola atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta la, jan Gouvènè Cuomo te anonse li a an Desanm 2015. Envèstisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan yo soumèt li a, gen pwojè pou plis pase 10,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)